

ANN PALE POTIGÈ

FEYÈ KREYÒL AYISYEN – POTIGÈ
Ak kèk enfòmasyon ki kapab itil ou pou Brezil

APOSTILA CRIOULO HAITIANO - PORTUGUÊS
Com algumas informações práticas sobre o Brasil

Autores :

Rwolds Augustin
Miriam Spezia
Emilio Travieso

Primeira edição:

Pastoral da Mobilidade Humana
da Diocese do Alto Solimões
Tabatinga, Brasil
2011

Segunda edição:

Ministério do Trabalho e Emprego do Brasil
e Instituto de Migrações e Direitos Humanos
Brasília
2012

Qualquer pessoa ou instituição pode utilizar ou adaptar essa apostila à vontade.

Nenpòt moun ak enstitisyon gen dwa sèvi ak feyè sa a oubyen adapte l jan yo vle.

Si ou vle veyon dijital feyè sa a, ou mèt voye yon e-mail nan adrès:

Se quiser uma versão digital dessa apostila, é só mandar um e-mail para :

emiliotravieso@yahoo.com
arwolds17@hotmail.com

POU NOU KÒMANSE (PARA COMEÇAR)...

KREYÒL	PORTUGUÊS
Bonjou	Bom dia
Bonswa (aprè midi)	Boa tarde
Bonswa (aswè)	Boa noite
Kòman ou ye ?	Como vai ?
Èske ou anfòm ?	Tudo bom? (<i>repòns: Tudo!</i>) <i>oubyen</i> Beleza? (<i>repòns : Beleza!</i>)
Mwen byen	Estou bem.
Kòman ou rele ?	Como é seu nome ?
E ou menm ?	E você ?
Mwen rele...	Meu nome é...
Ki nasyonalite ou ?	Qual a sua nacionalidade ?
Nan ki peyi (ki kote) ou soti ?	Você é de onde ?
Mwen soti Ayiti.	Eu sou do Haiti.
Mwen se ayisyen.	Eu sou haitiano (haitiana).
Kòman yo rele vil ou soti a...	Qual o nome da sua cidade ?
Ki lang ou pale ?	Você fala quais linguas ?
Mwen pale kreyòl, franse, panyòl ak anglè.	Eu falo crioulo, francês, espanhol e inglês.
Ki laj ou ?	Quantos anos você tem ? <i>oubyen</i> : Qual a sua idade ?
Mwen gen 24 ane.	Eu tenho 24 anos.
Mwen byen kontan rekonèt ou.	Muito prazer.
Mwen sonje fanmi mwen.	Estou com saudades da minha família.

KREYÒL	PORTUGUÊS
Wi	Sim
Non	Não
Silvoulè	Por favor
Mèsi	Obrigado
Anpil	Muito
Ou vle ? (pou ofri dlò, kafe, elatriye.)	Aceita ?
Wi, m vle.	Aceito.
Kisa ou bezwen ?	Pois não ?
M ale.	Vou embora.
Ann ale.	Vamos embora.
Eskize (pase)	Com licença
Eskize (padon)	Desculpa
Mesye	Senhor
Madanm	Senhora
Madmwazèl	Moça
Jenn gason	Moço
Timoun	Criança

KREYÒL	PORTUGUÊS
Fanmi	Família
Manman	Mãe
Papa	Pai
Pitit fi	Filha
Pitit gason	Filho
Pitit a pitit	Neto (neta)
Kouzen (kouzin)	Primo (prima)
Frè	Irmão
Sè	Irmã
Bòfrè	Cunhado
Bèlsè	Cunhada
Tonton	Tio
Matant	Tia
Grann	Avó
Granpapa	Avô
Mari	Marido
Madanm	Mulher
Menaj	Namorada (<i>fi</i>) Namorado (<i>gason</i>)
Zanmi	Amigo (amiga)
Vwazen (vwazin)	Vizinho (vizinha)

**JOU NAN SEMÈN NAN
(OS DIAS DA SEMANA)**

KREYÒL	PORTUGUÊS
Lendi	Segunda-feira
Madi	Terça-feira
Mèkredi	Quarta-feira
Jedi	Quinta-feira
Vandredi	Sexta-feira
Samdi	Sábado
Dimanch	Domingo

KREYÒL	PORTUGUÊS
Yè	Ontem
Jodi a	Hoje
Demen	Amanhã
Si Bondye vle	Se Deus quiser
Talè	De aqui a pouco
Talè a	Há pouco
Deja	Já

**12 MWA NAN LANE
(OS MESES DO ANO)**

KREYÒL	PORTUGUÊS
Janvyè	Janeiro
Fevriye	Fevereiro
Mas	Março
Avril	Avril
Me	Maio
Jen	Junho
Jiyè	Julho
Out	Agosto
Septanm	Setembro
Oktòb	Outubro
Novanm	Novembro
Desanm	Dezembro

KREYÒL	PORTUGUÊS
Avan	Antes
Aprè	Depois

1	Um (uma)
2	Dois (duas)
3	Três
4	Quatro
5	Cinco
6	Seis
7	Sete
8	Oito
9	Nove
10	Dez
11	Onze
12	Doze
13	Treze
14	Quatorze
15	Quinze
16	dezesseis
17	Dezessete
18	Dezoito
19	Dezenove
20	Vinte
21	Vinte e um (uma)
22	Vinte e dois (duas)
23	Vinte e três
...	...
30	Trinta
40	Quarenta
50	Cinquenta
60	Sessenta
70	Setenta
80	Oitenta
90	Noventa
100	Cem
200	Duzentos
300	Trezentos
400	Quatrocentos
500	Quinhentos
600	Seiscentos
700	Setecentos
800	Oitocentos
900	Novocentos
1000	Mil
2000	Dois mil

N.B. :
SITOU LÈ Y AP BAY NIMEWO TELEFÒN,
POU NIMEWO 6 LA, YO KONN DI « **meia** »
OLYE DE « **seis** ».

POU POZE KESYON (PARA FAZER PERGUNTAS)

KREYÒL	PORTUGUÊS
Ki moun ?	Quem ?
Ki kote ?	Onde ? (<i>oubyen</i> Cadê ?)
Ki sa ?	O que ?
Pou ki sa ?	Por que ? (<i>oubyen</i> Por causa de que ?)
Kilè ?	Quando ?
A kilè ?	A que horas ?
Kòman sa rele ?	Qual o nome disso ?
Kijan pou m di... ?	Como se diz... ? <i>oubyen</i> Como é que se fala... ?
Kisa sa vle di ?	O que isso quer dizer ?
M pa t konprann.	Não entendi.
Pale pi dousman, svp.	Por favor, fale mais devagar.

KREYÒL	PORTUGUÊS
Yon moun	Alguém
Pèsòn moun	Ninguém
Tout moun	Todo mundo
Tout	Todo
Anyen	Nada
Gwo	Grande
Piti	Pequeno
Pi gwo	Maior
Pi piti	Menor
Anpil	Muito
Ti kras	Pouco
Piti piti	Aos poucos
Ti non jwèt	Apelido
Siyati	Sobrenome
Gwo nèg	Negão

KREYÒL	PORTUGUÊS
fè yon randevou (ak nenpòt moun)	Combinar
fè yon randevou (yon kote, lè yo ekri non w nan yon ajannda)	Agendar
fè yon randevou (kay doktè)	Marcar uma consulta
Èske ou gen randevou ?	Está agendado ?
Fè yon ti tann.	Aguarda um pouco.

N.B. : An potige, anpil fwa lè yo pral di yon lè nan aprè midi oubyen aswè, yo kontinye konte lè yo jis nan 24. Pa egzanp :

KREYÒL	PORTUGUÊS
Midi	Meio dia
1:00 p.m.	13h / Treze horas
2:00 p.m.	14h Quatorze horas
3:00 p.m.	15h Quinze horas
4:00 p.m.	16h Dezesesseis horas
5:00 p.m.	17h Dezessete horas
6:00 p.m.	18h dezoito horas
7:00 p.m.	19h dezenove horas
8:00 p.m.	20h vinte horas
9:00 p.m.	21h vinte e uma horas
10:00 p.m.	22h vinte e duas horas
11:00 p.m.	23h vinte e três horas
Minwi	Meia noite

KREYÒL	PORTUGUÊS
« e demi »	e meia
11:30 a.m.	Onze e meia

KREYÒL	PORTUGUÊS
Apèl (kout fil)	Telefonema
Rele nan telefòn	Ligar
M vle rele (Ayiti).	Eu quero ligar para (o Haiti).
Konben li koute pa minit ?	Quanto custa por minuto ?

POU LWE YON KAY (PARA ALUGAR UMA CASA)

KREYÒL	PORTUGUÊS
Silvouplè ki kote mwen kapab jwenn (yon kay) pou lwe ?	Por favor, onde eu posso encontrar (uma casa) para alugar ?
M ap chache (yon kay) pou m lwe.	Estou procurando (uma casa) para alugar.
Konben lwaye a ye ?	Quanto é o aluguel ?
Lwe	Alugar
Lwaye	Aluguel
Ou kapab jwenn nan ri (avni)...	Pode encontrar na rua (avenida)....
Nimewo	Número
Otèl	Hotel
Restoran	Restaurante
Dlo	Água
Kouran	Energia elétrica
Gaz	Gas

NB: Pifò kote, yo peye kay chak premye semèn nan mwa a.

KREYÒL	PORTUGUÊS
Kay	Casa
Apatman: se yon pati nan yon kay kote w ap jwenn tout sa w bezwen. Li kapab genyen 2, 3,4 chanm ak plizyè twalèt epi yon kizin. Men yo toujou chè.	Apartamento
Kitchinetchi: Se yon chanm ki gen yon ti kizin ak yon ti twalèt ladan l.	Kitnet <i>Pwonosyasyon:</i> “kitchinetchi”
Chanm: yon chanm pa gen anyen avè l, kidonk se sèlman chanm nan, w ap pataje kizin, twalèt ak moun k ap viv nan kay la.	Quarto
Ti kay piti (nan katye yo rele favela yo).	Barraco

KREYÒL	PORTUGUÊS
Kabann	Cama
Chèz	Cadeira
Tab	Mesa
Pandri rad	Guardaropas
Matla kabann	Colchão
Sèvyèt	Toalha
Dra	Lençol
Lenn	Cobertor
Zorye	Travesseiro
Kle/ kadna	Chave / cadeado
Pa jete fatra la.	Não jogar lixo aqui.

ANDAN KAY LA (DENTRO DA CASA)	
KREYÒL	PORTUGUÊS
Kizin	Cozinha
Chanm pou dòmi	Quarto
Sal	Sala
Sal pou manje	Refeitório
Twalèt (chanm nan)	Banheiro
Twalèt (kote ou chita)	Vaso
Douch	Chuveiro
Lakou	Quintal

ACHTE AK VANN (COMPRAR E VENDER)

KREYÒL	PORTUGUÊS
Konbyen li koute?	Quanto custa? <i>oubyen</i> : Qual o preço?
Li twò chè.	Está muito caro.
Li pa pou mwens kòb?	Pode fazer mais barato? <i>oubyen</i> : Tem desconto?
Ban m (2), silvouplè.	Me dá (dois), por favor.
Mwen bezwen...	Preciso...
M ap chèche...	Estou procurando...

KREYÒL	PORTUGUÊS
An gwo	Atacado
Boutik	Mercearia
Mache	Mercado
Sant komèsyal	Shopping

MANJE (COMIDA)

KREYÒL	PORTUGUÊS
Zonyon	Cebola
Kawòt	Cenoura
Epis	Tempero
Magi	Caldo Maggi
Diri	Arroz
Pwa	Feijão
Sèl	Sal
Sik	Açúcar
Lwil	Azeite
Pwason	Peixe
Vyann	Carne
Vyann bèf	Carne de boi
kochon	Porco
Poul	Frango (<i>oubyen</i> galinha)
Zèl poul	Asa
Kwis poul	Coxa
Pye, kou, elatriye	Miudezas
Dlo	Água
Ji	Suco
Kola	Refrigerante
Sandwich jambon ak fromaj	Misto quente
Pate	Pastel
Goute (tankou pate...)	Lanche
Ze	Ovo
Pen	Pão
Farin	Farinha
Pòm de tè	Batata
espageti	Macarrão
Li cho anpil.	Está muito quente.

KREYÒL	PORTUGUÊS
Asyèt	Prato
Bòl	Prato fundo
Kiyè	Colher
Fouchèt	Garfo
Kouto	Faca
Tenbal / vè	Copo
Tas	Xícara
Chodyè	Panela
Kastwòl	Frigideira
Bonm, kaderik	Panela de pressão
Recho	Fogão
Frijidè	Geladeira
Fou a	Forno
Lavabo	Pia
Fè manje	Cozinhar
Koule kafe a.	Coar o café.
Li gate.	Está estragado.

KREYÒL	PORTUGUÊS
Sòs	Molho
Mayi	Milho
Fwi	Fruta
Papay	Mamão
Zoranj	Laranja
Anana	Abacaxí
Mwen (pa) renmen..	Eu (não) gosto de...
Mwen grangou.	Estou com fome.
Manje (aksyon an)	Comer
Dejene	Café da manhã
Manje midi	Almoço
Soupe	Jantar
Manje a pare.	A comida está pronta.
Ou manje deja ?	Já almoçou ?

POU TRANSPÒ (PARA O TRANSPORTE)

KREYÒL	PORTUGUÊS
Avyon	Avião
Bato	Barco <i>oubyen</i> lancha (<i>barco yo pi gwo</i>)
Chaloup	canoa
Bis	Ônibus
Taxi	Taxi
Moto	Motocicleta
Machin	Carro
Kamyon	Caminhão
Tikè	Passagem
Pò	Porto
Èpòt	Aeroporto
Konbyen tikè (avyon) an vann ?	Qual o valor da passagem (de avião) ?
Ki pri (tikè a) ?	Qual o preço (da passagem) ?
Ki kote m kapab prann (bis la) ?	Onde posso pegar (o ônibus) ?
Chofè machin	motorista
Chofè moto	motociclista
Pèmi kondwi (lisans)	carteira de motorista

KREYÒL	PORTUGUÊS
A dwat	A direita
A goch	A esquerda
Tou dwat	Direto

RAD (ROUPA)

KREYÒL	PORTUGUÊS
Mayo	Malha
Chemiz	Camisa
Pantalon	Calça
Bout pantalon	Bermuda
Slip	Cueca
Kilòt	Calcinha
Wòb	Vestido
Jip	Saia
Chosèt	Méias
Soulye	Sapato (<i>oubyen</i> calçado)
Kepi	Boné
Fè pou pase rad	Ferro de passar roupa
Pase rad	Passar roupa <i>N.B. - Nan rejyon Manaus, yo di : Engomar roupa</i>

KOULÈ YO (AS CORES)

KREYÒL	PORTUGUÊS
Ble	Azul
Wouj	Vermelho
Jòn	Amarelo
Vèt	Verde
Blan	Branco
Nwa	Preto
Zoranj	Laranja
Woz	Rosa

KREYÒL	PORTUGUÊS
bon	Bom
Pa bon	Ruim
wo	Alto
Kout	Baixo
gwo	Gordo (gorda)
mèg	Magro (magra)
Fò	Forte
fèb	Fraco (fraca)
sèch	Seco (seca)
mouye	Molhado (a)

POU TRAVAY (PARA O TRABALHO)

KREYÒL	PORTUGUÊS
Mwen vle travay.	Eu quero trabalhar.
Yon djòb	Um serviço (<i>oubyen</i> : um emprego)
Konbyen ou peye...	Quanto você paga...
...pa jou ?	...a diária ?
...pa semèn ?	...por semana ?
...pa mwa ?	...por mês ?
...Pou travay sa a ?	...por esse serviço ?
Kontra	Empreitada
M ka fè travay sa a pou (50 real).	Eu faço por (50 reais).
15 jou	Quinzena
Ou dwe m (50 real).	Você me deve (50 reais).
Kilè w ap peye m ?	Quando vai me pagar ?
Gen travay pou mwen ?	Tem trabalho para mim?
Pa gen pwoblèm.	Não tem problema.
Mwen kapab.	Eu posso.
Mwen konn fè sa.	Eu sei fazer isso.

KI SA W KONN FÈ ? (O QUE VOCÊ SABE FAZER ?)

KREYÒL	PORTUGUÊS
Mwen se...	Eu sou...
Mwen te etidye (...) nan yon fakilte.	Eu sou formado (formada) em :
Mwen konn...	Eu sei...
Mwen etidye...	Eu estudo...
Mwen pale (ak ekri)...	Eu falo (e escrevo...)
Trè byen	Muito bem
Mwen ka aprann.	Posso aprender.
Mwen degaje m.	Eu me viro.
Bòs mason	Pedreiro
Kontremèt	Mestre de obras
Depanaj	Concertos
Pwofesè (lang...)	Professor de (língua...)
Bòs mekanisyen	Mecânico
Enfòmàtik	Informática
Òdinatè	Computador
Enfimyè	Enfermeira (enfermeiro)
Sekretè	Secretária
Kizinyè	Cozinheira (cozinheiro)
Fè menaj (nan kay oswa nan biwo)	Faxineiro (faxineira)
Kwafè / Estetisyèn	Cabeleleiro (cabeleleira)
Sekirite (sitou nan nwit)	Vigia
Ebenis	Marceneiro

Yon ti konsèy :

Achte yon kaye kote ou ka ekri lòt mo ak ekspresyon ou aprann pou kont ou.

Ou mèt ekri mo yo jan ou tande yo (tankou si yo te mo kreyòl), konsa w a kenbe pwonosyasyon an.

Si ou fè ti efò sa a, w a vanse pi rapid nan lang nan.

Depi ou fò nan lang lan, w ap jwenn travay pi fasil !

SANTE (A SAÚDE)

Brezil, swen sante a se gratis ti cheri pou tout moun. Ou pa bezwen peye pou ale kay doktè, epi ou pa bezwen achte remèd. Aprè lopital la, chak katye gen yon pòs sante (posto de saúde). Chache konnen sa ki nan katye pa w la !

KREYÒL	PORTUGUÊS
Kò m pa bon.	Estou passando mal.
Mwen malad.	Estou doente.
Mwen bezwen al lopital.	Preciso ir ao hospital.
Premye swen (emèjensi)	Pronto socorro
Fè randevou kay doktè (...) fè m mal. (alèji nan po)	Marcar uma consulta Me dói (...)
Mwen fè sik (dyabèt)	Micose
Mwen fè tansyon	Eu sou diabético.
Endispoze	Eu tenho a pressão alta.
Tèt fè mal	Desmaiar
Vant fè mal	Dor de cabeça
Do fè mal	Dor da barriga
Ren fè mal	Dor nas costas
Senti fè mal	Dor nos rins
La fyèv	Dor nos quadris
Mwen gripe.	Febre
	Estou gripado.

KREYÒL	PORTUGUÊS
Doktè	Doutor (doutora)
Enfimyè	Enfermeira (o)
Lopital	Hospital
Pòs sante	Posto de saúde
Famasi	Farmácia
Analiz	Exame
Remèd	Remédio
Sewòm	Souro
Egzeyat	Receber alta
Grenn remèd	Comprimidos
Pa genyen	Não tem
Vaksen	Vacina
Piki	Injeção
Mwen fè alèji	Eu tenho alergia.
Ansent	Grávida
Akouche	Dar a luz
Règ	Menstruação
Kapòt	Camisinha
VIH (SIDA)	HIV (AIDS)

PATI NAN KÒ YON MOUN (AS PARTES DO CORPO HUMANO)

KREYÒL	PORTUGUÊS
Tèt	a cabeça
Cheve	o cabelo
Po	a pele
Jè (zye)	os olhos
Zòrèy	a orelha
Nen	o nariz
Bouch	a boca
Dan	os dentes
Figi	o rosto
Kou	o pescoço
Vant	a barriga
Tete	os seios
Lestomak	o peito
Do	as costas
Bra	o braço
Men	a mão
Dwèt	os dedos

KREYÒL	PORTUGUÊS
Ren (senti)	os rins (quadrís)
Vajen	a vagina
Peni	o pênis
Kwis	a coxa
Jenou	os joelhos
Pye	o pé
San	o sangue

N.B. :

Depi yon moun fèt nan Brezil, li gen nasyonalite brezilyen. Nòmman yo tou fè batistè li lè manman l fèk akouche, avan l kite lopital. Apre sa, manman an dwe al nan Federal la (Polícia Federal), nan nenpòt vil kote l ap viv, pou li jwenn yon lòt kalite viza k ap pi bon pou li. Si papa a kapab pwouve si l ap okipe pitit la tou, li ka jwenn lòt viza sa a tou. Viza sa a rele *permanência*, se rezidans pèmanan.

IJYÈN (A HIGIENE)

KREYÒL	PORTUGUÊS
Savon twalèt	Sabonete
Savon lave	Sabão
Klorox	Água sanitária
Tochon	Pano
Fè pwopte nan kay la	Fazer faxina
Bale	Varrer (aksyon an) Vassoura (bale a)
Lave	Lavar
Lave veso	Lavar a louça
Lave rad	Lavar roupa
Bwose dan	Escova de dente
Pat dantifris	Creme dental
Kotex	Absorvente <i>oubyen</i> : Modess
Jilèt	Gillette
Razwa	Barbeador
Sizo	Tesouras
Pwòp	Limpo (limpa)
Netwaye	Limpar
Fè bab	Fazer a barba
Koupe cheve	Cortar o cabelo

RELIJYON (A RELIGIÃO)

KREYÒL	PORTUGUÊS
Legliz	Igreja
Bib la	A Bíblia
Kretyen	Cristão (cristã)
Pwotestan	Evangélico (evangélica)
Pastè	Pastor
Katolik	Católico (católica)
Pè	Padre
Mè	Freira
Frè	Irmão
Sè	Irmã
Vodou (brezilyen)	Candomblé
Ougan	Pai de santo
Mambo	Mãe de santo
Lwa	Orixá

Yon kote ou kapab aprann anpil potigè se nan legliz.
Nan legliz, w ap fè konesans anpil moun de byen tou.

KREYÒL	PORTUGUÊS
Moun	Pessoa (<i>oubyen</i> gente)
Moun yo	As pessoas (<i>oubyen</i> o pessoal)
Pèp la	O povo
avèk	Com
Ansanm	Junto
Youn	Um (uma)
kèk	Alguns (algumas)
plizyè	Vários (várias)
Toujou	Ainda
Poko	Ainda não
Yon lòt fwa	Mais uma vez
Sa	Isso
Sa a / Sila	Esse (essa)
Pi bon	Melhor
Pi mal	Pior
lwen	Longe
touprè	Perto
Plis	Mais
Mwens	Menos

« A GENTE »

Gen yon ekspresyon an potigè yo sèvi avè l anpil.
Se « **a gente** ». Se tankou « on » an franse,
oubyen « nou » an kreyòl. Si ou pale panyòl,
pinga ou twonpe – li pa gen menm sans ak « la
gente » an panyòl. Pa egzanp, pou ou di « n a
wè » an potigè, ou kapab di : « a gente se vê ».
....

Men yon lòt koze ankò :

Brezil, anpil fwa lè yon moun prale, yo konn di
« um abraço » (yon akolad, pou nenpòt moun)
oswa « um beijo » (yon bo – men 2 gason paka di
sa). Si yo di w sa, ou pa bezwen sezi, epi sa pa
vle di moun nan renmen ou tou.

DOKIMAN (DOCUMENTOS)

Lè ou fè nenpòt fomilè, dokiman, elatriye, yo konn mande enfòmasyon sa yo :

PORTUGUÊS	KREYÒL
Sobrenome	Siyati
Nome	Non
Data de nascimento	Dat ou fèt
Nacionalidade	Moun ki peyi (nasyonalitye)
Naturalidade	Vil kote ou fèt
Sexo	Sèks
Filiação	Non manman w ak non papa w
Estado civil	Eta sivil
Solteiro (solteira)	Selibatè
Casado (casada)	Marye
Divorciado (divorciada)	Divòse
Viuvo (viuva)	Vèv
Profissão	Pwofesyon (metye)
Endereço	Adrès
Bairro	Katye
Telefone	Telefòn
E-mail	Imèl
CEP	Kòd pòstal (pou zòn kote ou rete a)
Celular	Selilè
CPF	Se yon nimewo leta ba w pou idantifye w nempòt kote, tankou NIF la an Ayiti. W ap sèvi avè l pou nenpòt demach nan bank, nan travay, elatriye.
Documento de identidade	Si ou poko gen yon pyès idantite nan peyi a, ou mèt bay nimewo paspò w.
Protocolo	Pwotokòl la se yon bout papyè Polis Federal la ba w pou ou kapab mache nan peyi a san pwoblèm pandan w ap tann rezidans la soti. Chache konnen kilè ak kijan pou ou renouvle l, pou ou evite pwoblèm !
Carteira de trabalho	Se yon kanè travay leta bay. Si w ap travay yon kote pandan plis pase 3 mwa, nòmalmman yo sipoze anrejistre kanè w la kote w ap travay la (carteira assinada), pou ou kapab jwenn tout dwa w, tankou pansyon, pi devan.

Men kèk lòt dokiman ankò :

PORTUGUÊS	KREYÒL
Certidão de nascimento	Batistè
Passaporte	Paspò
Carteira de identidade	Kat idantite
Carimbo	So
Visto	Viza

O Brezil, yo rele kay notè piblik « **cartório** ».

Pafwa, pou ou fè yon demach legal, yo mande ou fè yon « cópia autenticada » ak yon dokiman. Sa vle di, ou fè yon kopi epi ou pote ni orijinal la ni kopi a nan cartório a. La, notè a pral rekonèt ke kopi a se menm ak orijinal la, tout bon. W ap peye pou yo mete yon so (carimbo) nan kopi a.

KÈK RÈG PWONOSIYASYON

- Lè gen yon « s » nan mitan 2 vwayel, yo pwononse l tankou « z », menm jan ak franse.
Pa egzanp : « casa » → *kaza*.
- Nan kèk rejyon, lè yon mo fini avèk « s » ak lè gen yon « s » avan let « t, c, f, oubyen p », yo konn pwononse l tankou « ch ». Yo rele son sa a « chiado ».
Pa egzanp : « Mes pas estão cansados. » → *Meuch paich echtão kansados*.
- Yo pwononse « nh » tankou « ny » nan nen (nazal), ak « lh » tankou « ly ».
Pa egzanp : caminho → *kaminyo* ; olho → *olyo*
- Depi ou wè « ã » oubyen « õ », sa vle di yo pwononse lèt sa nan nen (son nazal).
Pa egzanp : São Paulo ; irmã ; refeicões
- Lè yon mo fini avèk « m », yo pwononse l tankou yon « n » nazal.
Pa egzanp : Passagm → *pasajen* ; homm → *omen*
- Nan pifò rejyon nan Brezil, yo pwononse « ti » tankou « tchi ».
Pa egzanp : Tabatinga → *Tabatchinga*
- Epi lè yon mo fini avèk « e », yo pwononse l tankou « i ».
Pa egzanp : costume → *koustoumi*
- Poutèt sa, lè mo a fini ak « te », yo pwononse l tankou « tchi » tou.
Pa egzanp : dente → *dentchi* ; Boa noite → *Boa noytchi*
- Menm jan tou, yo pwononse « di » (ak lè mo a fini ak « de ») tankou « ji ».
Pa egzanp : dia → *jia* ; tarde → *tarji*
- Lè yon mo fini avèk « l », oubyen lè gen yon « l » avan yon konsonan, yo pwononse l preske tankou « ou », selman yo fè yon ti fèmen bouch yo lè yo di l.
Pa egzanp : Brasil → *Braziou* ; alto → *aouto*
- Lèt « x » la kapab genyen plizye pwonosyasyon, depandan mo a :
 - Li ka gen son « ks »
Pa egzanp : excelente → *ekselentchi*
 - oubyen son « z »,
Pa egzanp : exemplo → *ezemplo*
 - oubyen son « ch »
Pa egzanp : xícara → *chíkara*

SI OU PALE FRANSE, SA KA EDE OU POU PWONOSYASYON AN TOU :

Notions de portugais du Brésil

Accentuation

L'accent tonique (syllabe sur laquelle on force le ton) est habituellement sur l'avant-dernière syllabe (ex: fazenda), à l'inverse du français, où il est souvent sur la dernière (ex: Paris).

En conséquence, la voyelle finale d'un mot ne s'entend presque pas (ex: Oiapoque = O yapock/~~Oiapoque~~ n'est prononcé que par les Guyanais qui veulent faire exotique).

S'il n'est pas en avant-dernière position, il est indiqué par un accent (ex: Belém).

Il est très important de marquer l'accentuation, sinon les risques d'incompréhension ou de malentendu sont très élevés.

Sons particuliers

Les accents fonctionnent à l'inverse du français: e=é; é=ai (ex: Pelé= Pélai).

L'accent circonflexe ferme le son de la voyelle: ê=é; ô=au.

Sons composés de plusieurs lettres: nh=gn (ex: Ronaldinho=Ronaldigno); ão=aon (ex: seleção= selessaonne et surtout pas selessahø, comme disent les commentateurs sportifs!); lh= ill ou yé (ex: ilha=illa).

A la fin des mots le "te" ou le "de" se mouille (ex: noite=noïtch, liberdade=liberdadji); c'est plus ou moins le cas selon les régions.

u=ou (ex: ônibus=aunibous)

o=o dans un mot mais o=ou à la fin d'un mot (o barco= ou barcou)

ou=o à la fin d'un mot (eu vou=eu vo)

Nou te jwenn sa sou paj entenèt ki rele:

<http://www.brasilyane.com/index.php/culture-bresil/parler-qbresilienq>

YON TI KRAS GRAMÈ

FRANÇAIS	PORTUGUÊS
le	o
la	a
les	os / as
du	do
de la	da
des	dos / das
dans le (les)	no (nos)
dans la (les)	na (nas)

KÈK VÈB ENPÒTAN

KREYÒL	PORTUGUÊS
Fè	Fazer
Manje	Comer
Bwè	Beber
Mache	Caminhar
Chita	Sentar
Rete	Ficar
Ale	Ir
Achte	Comprar
Vann	Vender
Travay	Trabalho
Pale	Falar
Bay	Dar
Prete	Emprestar

FRANÇAIS	PORTUGUÊS
Je	Eu
Tu	Você (<i>oubyen</i> tu)
Vous (singulier)	O senhor (gason) / A senhora (fi)
Il	Ele
Elle	Ela
Nous	Nós
Vous (pluriel)	Vocês / Os senhores / As senhoras
Ils	Eles
Elles	Elas

KREYÒL	PORTUGUÊS
Riske	Arriscar
Tounen	Voltar
Blese	Machucar
Pote ale	Levar
Pote vini	Trazer
Mande	Perguntar
Priyè	Rezar
Mete	Colocar
Kòmanse	Começar
Fini	Terminar
Tonbe	Cair
Lave	Lavar
Twonpe	Enganar
Sonje	Lembrar
Bliye	Esquecer

KONJIGEZON VÈB REGILYE YO

VÈB KI FINI AK « -AR » YO

(amar, gostar, procurar, mostrar, andar, cozinhar, falar, colocar...)

Pronome	Tan prezan	Tan pase (pretérito perfeito)	Tan pase (pretérito imperfecto)
Eu	falo	falei	falava
Você	fala	falou	falava
Ele / Ela	fala	falou	falava
Nós	falamos	falamos	falávamos
Vocês	falam	falaram	falavam
Eles / Elas	falam	falaram	falavam

N.B. Nou pa t mete konjizezon pou « tu », paske yo preske pa janm sèvi ak sa. Pou « ou », yo plis sèvi ak « você », epi menm lè yo di « tu », yo konn konjize l tankou « você ».

VÈB KI FINI AK « -ER » YO

(comer, vender, entender, compreender, nascer, viver...)

Pronome	Tan prezan	Tan pase (pretérito perfeito)	Tan pase (pretérito imperfecto)
Eu	como	comi	comia
Você	come	comeu	comia
Ele / Ela	come	comeu	comia
Nós	comemos	comemos	comíamos
Vocês	comem	comeram	comiam
Eles / Elas	comem	comeram	comiam

Pou tan FITI a (futuro), men sa k pi fasil :

Konjize vèb « IR » epi mete l ansanm ak lòt vèb la nan enfitif.

Se menm jan ak an kreyòl, lè ou di « mwen pral ... » oubyen « mwen va... ».

Pa egzanzp :

Eu vou beber água.
 Você vai ver.
 Ele vai sair.
 Nós vamos trabalhar.
 Vocês vão falar.
 Elas vão rezar.

Ou ka jwenn konjizezon « IR » yo sou pwochen paj fèyè sa a.

VÈB KI FINI AK « -IR » YO

(partir, mentir, resistir, compartilhar...)

Pronome	Tan prezan	Tan pase (pretérito perfeito)	Tan pase (pretérito imperfecto)
Eu	resisto	resisti	resistia
Você	resiste	resistiu	resistia
Ele / Ela	resiste	resistiu	resistia
Nós	resistimos	resistimos	Resistíamos
Vocês	resistem	resistiram	resistiam
Eles / Elas	resistem	resistiram	resistiam

**KÈK VÈB KI PA REGILYE –
SA KI PI ENPÒTAN YO
(TAN PREZAN) :**

	SER (<i>être</i>) (nan yon kondisyon ki stab)	ESTAR (<i>être</i>) (nan yon kondisyon ki ka chanje)	TER (genyen)	IR (ale)
Eu	sou	estou	tenho	vou
Você	é	está	tem	vai
Ele / Ela	é	está	tem	vai
Nós	somos	estamos	temos	vamos
Vocês	são	estão	têm	vão
Eles / Elas	são	estão	têm	Vão

	FAZER (<i>fè</i>)	DAR (<i>bay</i>)	PODER (<i>kapab</i>)	QUERER (<i>vle</i>)
Eu	faço	dou	posso	Quero
Você	faz	dá	pode	Quer
Ele / Ela	faz	dá	pode	Quer
Nós	fazemos	damos	podemos	Queremos
Vocês	fazem	dão	podem	Querem
Eles / Elas	fazem	dão	podem	Querem

	VER (<i>wè</i>)	VIR (<i>vini</i>)	PERDER (<i>pedi</i>)	PEDIR (<i>mande</i>)
Eu	vejo	venho	perco	Peço
Você	vê	vem	perde	Pede
Ele / Ela	vê	vem	perde	Pede
Nós	vemos	vimos	perdemos	Pedimos
Vocês	vêm	vêm	perdem	Pedem
Eles / Elas	vêm	vêm	perdem	Pedem

MEN KI VIL KI PI ENPÒTAN NAN BREZIL YO :

São Paulo – Se li ki pi gwo, pa sèlman nan Brezil, men se youn nan vil ki pi gwo nan lemond. Gen plis pase 11 milyon moun ki rete la, sa vle di sèlman vil sa a gen plis moun pase tout Ayiti. Se pa kapital peyi a, men se la ki gen plis biznis.

Rio de Janeiro – Avèk plis pase 6 milyon moun, se dezyèm vil nan Brezil, epi li bèl anpil. Touris yo renmen Rio de Janeiro anpil. La gen 2 bèl plaj ki rele Copacabana ak Ipanêma. Gen yo mòn kote yo mete yon estati Jezi (kote sa a rele Corcovado), ak yon lòt mòn kote ou ka wè tout vil la nèt (kote sa a rele Pão de Açucar). Lè fini, chak ane yo fè yon gwo Kanaval. Si ou pale plizyè lang, Rio de Janeiro kapab bon pou ou, poutèt touris yo. Moun ki soti Rio de Janeiro yo gen yon ti non jwèt, se « carioca ». Pafwa yo pa di non konplè vil la, yo di sèlman « O Rio ».

Salvador – Se kapital eta ki rele Bahia (yon eta se tankou yon depatman an Ayiti). Se twazyèm vil nan Brezil (li gen plis pase 2.6 milyon moun). Gen anpil touris, men an jeneral, zòn nan pa twò devlope.

Brasília – Se kapital peyi Brezil, li yon ti jan pi piti pase Salvador. Sèl pwoblèm li genyen, tout bagay lwen. Fò w gen machin pou ou rive anpil kote.

Belo Horizonte – Se yon gwo vil (plis pase 2.3 milyon moun), se kapital yon gwo eta ki rele Minas Gerais. Nan eta sa gen anpil brezilyen nwa, ki fè yo pa p sezi lè yo wè ayisyen ; yo ka pran nou pou brezilyen (nan sans sa, São Paulo, Rio de Janeiro, ak sitou Salvador se menm jan).

Manaus – Se kapital eta Amazonia. Li gen preske 2 milyon moun. La a ap gen kèk match ``*Coupe du Monde*`` epi gen anpil konpayi ki konnen gen anpil Ayisyen la, yo al chache yo pou fè kontra travay, sitou nan konstriksyon.

Curitiba ak **Porto Alegre** – 2 vil sa yo se nan Sid peyi a yo ye – se yo ki pi lwen zòn Manaus la (sitou Porto Alegre). Gen frede la tou, epi gen mwens moun nwa. Men yo enpòtan kan menm, sitou Porto Alegre, paske se rejyon sa ki pi devlope nan peyi a.

Fortaleza ak **Recife** – se 2 gwo vil ankò. Gen touris, men zòn nan pa twò devlope.

COUPE DU MONDE 2014 -- MEN TOUT VIL KOTE AP GEN MATCH :

(Nan vil sa yo, ap gen plis aktivite tankou konstriksyon, touris, elatriye.)

Rio de Janeiro, São Paulo, Belo Horizonte, Porto Alegre, Brasília,
Cuiabá, Curitiba, Fortaleza, Manaus, Natal, Recife, Salvador.

Nan ane 2016, Rio de Janeiro pral gen **Jeux Olympiques** yo tou.

ETA YO AK KAPITAL YO

Brezil gen 26 eta (yon eta se tankou yon departman an Ayiti). Chak eta gen vil kapital pa l.

Lè fini, kapital peyi a se **Brasília**. Li pa pou yon eta, paske li gen yon zòn apa ki rele Distrito Federal, ki nan mitan eta Goiás.

Men yon lis tout eta yo ak kapital yo :

Estado	Siglas	Capital
Acre	AC	Rio Branco
Alagoas	AL	Maceió
Amapá	AP	Macapá
Amazonas	AM	Manaus
Bahia	BA	Salvador
Ceará	CE	Fortaleza
Espírito Santo	ES	Vitória
Goiás	GO	Goiânia
Maranhão	MA	São Luís
Mato Grosso	MT	Cuiabá
Mato Grosso do Sul	MS	Campo Grande
Minas Gerais	MG	Belo Horizonte
Pará	PA	Belém
Paraíba	PB	João Pessoa
Paraná	PR	Curitiba
Pernambuco	PE	Recife
Piauí	PI	Teresina
Rio de Janeiro	RJ	Rio de Janeiro
Rio Grande do Norte	RN	Natal
Rio Grande do Sul	RS	Porto Alegre
Rondônia	RO	Porto Velho
Roraima	RR	Boa Vista
Santa Catarina	SC	Florianópolis
São Paulo	SP	São Paulo
Sergipe	SE	Aracaju
Tocantins	TO	Palmas
(Distrito Federal)	DF	Brasília

MEN KÈK ENFÒMASYON ANKÒ KI KA ITIL OU

SANTE :

Brezil, swen sante a gratis ti cheri. Depi ou al nan lopital, laboratwa, pòs sante ak famasi ki pou leta, ou pa bezwen peye anyen, ni pou randevou kay doktè, ni pou analiz, ni pou remèd. Se selman si ou al yon kote prive (yo rele sa *particular*), w ap peye.

Si ou gen yon ijans tout bon (aksidan, elatriye) ou ka al lopital, nan Pronto Socorro (Premye Swen), 24 sou 24. Si ou bezwen yon ambulans, rele SAMU nan nimewo « 192 ».

Depi se pa yon ijans, pito w al nan pòs sante ki pou katye ou la. Nòmalmman chak zòn nan yon vil gen yon pòs sante kote ou ka ale pou konsilte oubyen pou jwenn remèd. Chache konnen kote pòs sante nan katye pa w la ye, paske la ou kapab jwenn swen ou bezwen an pi fasil.

Men kijan pou jwenn remèd yo : Depi doktè a ba w yon preskripsyon, al fè yon kopi. W ap pote toulèdè papye yo (orijinal la ak kopi a) nan famasi ki andan pòs sante bò lakay ou a, epi y ap tou ba w remèd la. Si yo pa genyen l, yo ka voye ou tcheke yon lòt kote (pa egzanp, nan famasi lopital la) pou wè si yo gen remèd sa a. Lè yo voye ou tcheke yon lòt kote, yo rele sa *encaminhamento*. Si pa genyen menm, ou ka oblije al achte l nan yon famasi prive (*particular*).

Fanm ansent ak ti bebe yo : Gen yon oganizasyon legliz katolik ki konn ankadre fanm ansent ak ti bebe yo. Yo pa bay kòb men yo ka ba w anpil bon konsèy pou ou konnen ki jan pou fè tout demach kay dokte, elatriye. Pou fè kontak avèk yo, ou ka mande pou Pastoral da Criança nan nempòt legliz katolik.

VIH-SIDA : Brezil ou ka fe tès la gratis. Si ou sèvi ak remèd pou VIH-SIDA, se pou ou anrejistre w depi ou rive nan peyi a (sitou nan vil kote w ap stab la), pou ou kapab kontinye jwenn remèd sa yo. Menm si ou toujou gen remèd sou ou, al anrejistre w avan yo fini, paske sa ka pran tan pou yo kòmanse voye remèd pou ou kote ou ye a.

Mande nan pòs sante bò lakay ou, oswa nan lopital, pou yo esplike w ki kote ak ki jan pou ou anrejistre w (an potigè, VIH-SIDA rele « *HIV-AIDS* » epi yo pwononse l « *agá i vé* » pou HIV ak « *ayds* » pou AIDS). Pote pyès idantite w ak kanè yo te ba w an Ayiti pou remèd yo, ak nempòt lòt dokiman ki gen pou wè avèk sa. Pa egzanp y ap bezwen konnen ki non tout remèd ou konn bwè yo, pou yo pa twompe epi ba w yon remèd ki pa p bon pou ou. Lè ou al anrejistre, yo pral mande w adrès ou ak nimewo telefòn ou tou.

FEDERAL LA :

Brezil, Polícia Federal la se Migrasyon tou. Si ou te antre nan peyi a avan 12 janvyè 2012, oubyen si ou te antre avèk yon viza sou paspò ou nempòt lè, ou pa bezwen pè yo. Okontrè se pou ou toujou kenbe kontak avèk yo. Tout gwò vil gen biwo Polícia Federal. Lè ou rive nan biwo a, se pou ou mande pou depatman etranje (*estrangeiros*).

Chak lè w al fè yon demach nan Federal la, se pou ou mande yo ki pwochen pa pou ou fè ak kilè pou ou fè l, pou ou evite pwoblèm. Si ou al renouvle dokiman w yo an reta yo ka fè ou peye yon gwò kontravansyon oubyen pa kite w renouvle l menm.

Si ou chanje adrès, se pou ou al fè yo konnen tou, paske lè rezidans ou a soti oubyen nempòt lòt lè yo bezwen kominike avè w, yo voye yon avi nan adrès ou te ba yo a.

Pou Ayisyen ki te antre Brezil avan 12 janvyè 2012 yo, y ap bay yon viza imanitè ki pèmèt ou travay nan peyi a san pwoblèm pandan 5 an. Nan jounal yo di konsa, apre 5 an yo pase, y ap renouvle l pou yon rezidans pemanan si ou kapab pwouve si w ap travay, men nou poko wè yon dokiman ofisyel ki esplike pati sa a byen. Yo poko fin esplike kilè yon moun kapab fè fanmi li vin jwenn li tou, men nòmalman ou ta gen dwa sa depi ou jwenn rezidans pemanan an.

Depi 12 janvyè 2012, yo pa p kite lòt Ayisyen antre ankò san yo pa gen viza. Pou yon moun fè viza, se nan konsila Brezil ki Pòtòprens, an Ayiti, pou li mande li. Pandan 2 an (jis janvyè 2014), gouvènman Brezil di y ap bay 100 viza imanitè pa mwa nan konsila Pòtòprens la. Apre sa yo toujou ap bay lòt kalite viza yo te konn bay deja (tankou viza etidyan, elatriye) tou.

Moun ki fè yon pitit nan peyi Brezil : Pitit la gen nasyonalite brezilyen. Manman l kapab al nan Polícia Federal (nan nempòt vil kote ou rete, nempòt lè) pou mande yon lòt kalite viza k ap pi bon pou li. Si papa l la epi li kapab pwouve si l ap okipe pitit la, li gen dwa fè sa tou.

Moun ki marye ak yon brezilyen / brezilyèn : gen dwa al nan Federal la pou mande lòt kalite viza.

N.B. : Enfòmasyon sa yo, se nan mwa janvyè 2012 nou te jwenn yo. Si w ap li fèyè sa a anpil tan aprè dat sa a, li ta bon pou ou verifye detay yo paske gen bagay ki te kapab chanje.